**दिन–शनिदिन** **दिनांक–09.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानसभा सीट बेलागंज, इमामगंग, तरारी आ रामगढ़ उपचुनावक लेल राजनीतिक दल सभ प्रचार अभियान तेज कऽ देलक अछि। जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कैमूर के रामगढ़ आ तरारी विधानसभा मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओ रामगढ़ निर्वाचन क्षेत्र मे भाजपा प्रत्याशी के समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओ कहलनि जे दू हजार पाँच मे सत्ता मे अयलाक बाद भाजपाक संग मिलकऽ ओ राज्य के विकासक पथ पर अग्रसर कयलनि। श्री कुमार काल्हि बेलागंज आ इमामगंज मे सेहो चुनाव प्रचार करताह। एम्हर, भाजपा, जदयू आ हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा सहित एनडीए के सभ घटक दल अपन प्रत्याशी लोकनिक जीत सुनिश्चित करबाक लेल लगातार जनसभा कऽ रहल छथि। ओतहि, महागठबंधनक दिस सँ राष्ट्रीय जनता दल, कांग्रेस, भाकपा–माले आ विकासशील इंसान पार्टीक नेता लोकनि सेहो लगातार चुनावी सभा कऽ रहल छथि। एम्हर, जनसुराज पार्टीक सूत्रधार प्रशांत किशोर आ पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष मनोज भारती कतेको स्थान पर सभा के आयोजन कयलनि। एहि सीट सभ पर तेरह नवंबर के मतदान हेबाक अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक तेरह नवंबर के दरभंगा आगमन के लऽकऽ तैयारी जोर–शोर सँ कयल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री दरभंगा मे बनऽवला बिहारक दोसर एम्स के आधारशिला राखताह। राज्यक स्वास्थ्य मंत्री आ भाजपा नेता मंगल पांडेय एहि के लऽकऽ आइ दरभंगा मे एक बैसक कयलनि। बैसक मे स्थानीय सांसद गोपालजी ठाकुर, राज्यसभा सांसद धर्मशीला गुप्ता सहित कतेको विधायक उपस्थित छलाह। ई नेता लोकनि निर्माण स्थल पहुंचि कऽ तैयारी सभक विषय मे अधिकारी लोकनि सँ विस्तृत चर्चा कयलनि। प्रधानमंत्री के कार्यक्रम मे लोकसभ के आमंत्रित करबाक लेल जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा आ बिहार सरकारक मंत्री मदन सहनी गाम–गाम जाकऽ सभा कऽ रहल छथि।

———————————————————————————

भारतक मुख्य न्यायाधीश डी.वाई चन्द्रचूड़ काल्हि दस नवंबर के आधिकारिक रूप सँ सेवानिवृत भऽ जयताह। न्यायमूर्ति संजीव खन्ना एगारह नवंबर के भारतक एकावनम प्रधान न्यायाधीश के रूप मे शपथ लेताह। कतेको ऐतिहासिक निर्णय लेबाक लेल प्रसिद्ध न्यायामूर्ति चन्द्रचूड़ के सम्मान मे काल्हि विदाई समारोहक आयोजन कयल गेल। जतऽ न्यायामूर्ति संजीव खन्ना, न्यायिक सेवा सँ जुड़ल विद्वान लोकनि, वरिष्ठ अधिवक्ता आ कतेको गणमान्य लोकनि न्यायामूर्ति चन्द्रचूड़ के कार्यकालक दरमियान लेल गेल महत्वपूर्ण निर्णय मे हुनक योगदानक सराहना कयलनि।

———————————————————————————

राज्य मे छब्बीस नवंबर के होबऽवला पहिल चरणक पैक्स चुनाव के लेल एगारह सँ तेहर नवंबर धरि नामांकन दाखिल कयल जा सकैत अछि। नामांकन पत्र सभक जाँच चौदह सँ सोलह नवंबर धरि होयत। उन्नैस नवंबर के नाम वापस लेल जा सकैत अछि। छब्बीस नवंबर के मतदान होयत। सम्बंधित जिलाधिकारी लोकनिक निर्णयक अनुसार छब्बीस अथवा सत्ताईस नवंबर के मतगणना होयत। ओतहि सत्ताईस नवंबर के होबऽवला दोसर चरणक चुनाव के लेल नामांकनक काज तेरह सँ सोलह नवंबर धरि होयत।

———————————————————————————

कर्मचारी भविष्य निधि संगठनक अंशधारक लोकनि के अगिला वर्ष जनवरी मास सँ देशक कोनहुँ भाग मे ईपीएफ पेंशन लेबाक सुविधा होयत। केन्द्रीय श्रम आ रोजगार मंत्री मनसुख मांडविया कहलनि जे एहि संबंध मे नव केन्द्रीयकृत पेंशन भोगतान प्रणाली के प्रयोगिक परीक्षण सफल रहल अछि।

———————————————————————————

आइ देशभरि मे राष्ट्रीय विधिक सेवा दिवस मनाओल जा रहल अछि। लोकसभ मे न्यायिक जागरूकता आनबाक आ सभ नागरिक के विशेष कऽ निम्न श्रेणी वर्गक लोकसभक लेल न्याय धरि पहुंच सुनिश्चित करबाक लेल ई दिवस मनाओल जायत अछि। वंचित आ

अंतिम पायदान पर रहि रहल लोकसभ के कानूनी सहायता प्रदान करबाक उद्देश्य सँ आठ नवंबर उन्नैस सय पंचानवें के विधिक सेवा प्राधिकार अधिनियम बनाओल गेल छल। एहि ऐतिहासिक कानूनक परिणाम स्वरूप ओहि वर्ष पाँच दिसंबर के राष्ट्रीय विधिक सेवा प्राधिकरणक स्थापना कयल गेल। तखनहि सँ राष्ट्रीय विधिक सेवा दिवस हरेक वर्ष मनाओल जायत अछि। एम्हर एहि अवसर पर प्रदेशभरि मे सेहो कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक पलासी थाना क्षेत्र सँ पुलिस एक घर मे भेल चोरी के घटनाक उद्भेदन करैत चोरी भेल चारि लाख सड़सठि हजार टाका के संग दू अभियुक्त के गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस गिरफ्तार आरोपी के निशानदेही पर चोरी के आन समानक संग चोर गिरोहक गिरफ्तारी के लेल छापामारी कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

पूर्वी चंपारण जिला मे पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर बीस हजार के ईनामी अपराधी विनय सहनी के गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस जनौलक जे विनय सहनी पर जिलाक रामगढ़वा थाना मे कतेको मामिला दर्ज अछि।

———————————————————————————

पश्चिम चंपारण जिला मुफस्सिल थाना क्षेत्रक पिपरा मे एक व्यवसायी सँ पचास लाख टाकाक रंगदारी मंगबाक मामिला मे पुलिस तीन अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

पटना के नेहरू पथ मे बनि रहल मौलाना आजाद स्मारक पार्क के लोकार्पण कयल जायत। एहि संबंध मे भवन निर्माण विभागक सचिव कुमार रवि जनौलनि जे एहि लेल सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। एहि पार्क मे आबऽवला लोकसभ देशक आजादी मे मौलाना अबुल कलाम आजाद के योगदान आ व्यक्तित्व के विषय मे जानि सकताह।

समाप्त